



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE PÒTAY BILTEN VÒT POU ELEKTÈ ABSAN YO OUVRI NAN MOMAN AN EPI DEMANN YO KA FÈT DIRÈKTEMAN SOU ENTÈNÈT

*Tout votè New York ki anrejistre yo ka mande yon bilten vòt [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman [pòtay bilten vòt pou moun absan](#) kote votè yo ka dirèkteman mande yon bilten vòt pou elektè absan pou eleksyon ki gen pou fèt 3 novanm. Gouvènè a te ajì selon Dekrè Egzekitif pou otorize nenpòt votè ki preyokipe sou risk oswa ekspozisyon pou COVID pandan pandemi kontinyèl la pou mande yon bilten vòt pou elektè absan.

"Kòm eleksyon novanm lan ap apwoche nou konnen ke anpil votè santi yo vilnerab nan mitan pandemi sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konfòfeman ak refòm radikal yo nou te mete anplas pou rann sa pi fasil pou Nouyòkè yo egzèse dwa yo pou vote, jodi a nou lanse pòtay sou entènèt la kote chak votè ki enskri ki preyokipe konsènan COVID-19 ka jwenn yon bilten vòt pou elektè absan. Vòt se pyè angilè demokrasi epi nou vle pou chak votè santi yo an sekirite nan egzèsis vòt la."

Mwa pase a, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin yon lwa [refòm elektoral radikal](#) ki pral fè li pi fasil pou Nouyòkè yo vote epi pou yo konte yo an novanm. Nouvo mezi sa yo gen ladan pèmèt elektè absan yo soumèt aplikasyon bilten vòt pou elektè absan bay Konsèy Elektoral la imedyatman, ki pèmèt yon elektè jwenn yon bilten vòt pou elektè absan akòz risk oswa pèrez pou maladi ki gen ladan COVID-19 ak asire yo pral kote tout bilten vòt pou elektè absan ki gen so lapòs nan jou oswa anvan Jou Eleksyon an oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa li san so lapòs nan jou ki vini apre eleksyon an. Yo pral konte bilten vòt ki gen yon so lapòs ki montre ke yo te poste nan jou oswa anvan Jou Eleksyon an si yo resevwa disi 10 novanm.

Gouvènè a te pibliye tou yon [dekrè egzekitif](#) pou ranfòse ak sipòte dwa Nouyòkè yo pou vote. Dekrè a egzije konsèy elektoral konte a pou yo pran mezi konkrè pou enfòm elektè yo sou delè k ap vini yo, pou yo prepare pou eleksyon k ap vini yo ak ede asire yo ka itilize bilten vòt pa korespondans yo nan tout eleksyon yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)